



Pou Piblikasyon Imedya: 11/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NORTHWELL HEALTH PRAL DEPLWAYE ENFIMYÈ POU KONBAT OGMANTASYON COVID-19 LA NAN LWÈS NEW YORK

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke [Northwell Health](#), pi gwo sistèm sante nan Eta New York, te deplwaye yon ekip enfimyè konpetan nan Lwès New York pou reponn apèl pou plis pèsònèl medikal pou ede yon rejyon ki depase akòz yon ogmantasyon nan ka COVID-19 yo.

Ekip Northwell 16 pwofesyonèl klinisyen ak de chèf ekip, ki gen ladan enfimyè nan swen entansif, depatman ijans ak medikal-chirijikal, te deplwaye nan Sant Medikal Konte Erie nan Buffalo ak Strong Memorial Hospital Inivèsite Rochester nan Rochester nan dat 11 desanm. Misyon de semèn lan rive akòz tout eta a konstate yon ogmantasyon nan enfeksyon ak ospitalizasyon COVID-19 yo.

"Konbat ogmantasyon pandan ivè a egzije yon efò an ekip patnè yo nan Eta New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen vle remèsye Northwell Health dèske li reponn ak apèl pou aksyon an epi fè patenarya avèk nou pou voye yon ekip enfimyè ki trè konpetan ki pral ranfòse kapasite lopital ak ede nou redui nimewo yo nan Lwès New York".

Anplwaye Northwell yo ki nan apeprè 19,000 enfimyè nan 22 lopital li yo ak plis pase 800 enstalasyon pou pasyan ekstèn, sa gen ladan ekip enfimyè yo ki te fè volontarya pou misyon an nan dènve zòn sansib COVID-19 New York. Sistèm sante a pral kontinye swiv volim pasyan ak bezwen pou pèsònèl yo nan nivo entèn pandan l ap elaji èd li lòt kote.

Komisè Sante Eta pa Enterim, Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Pandan n ap antre nan sezon fèt la, nou pral bezwen solisyon kominotè ak koperasyon patnè yo tankou Northweell Health pou reponn ak ogmantasyon nan COVID-19 la. Nou vreman pi djanm lè nou travay ansanm, kidonk nou remèsye Northwell dèske li voye sipò pèsònèl depi nan rejyon sid eta a bay Lwès New York. Nou gen zouti - ak resous - nou dwe anpeche enfeksyon. Vaksinasyon an pwoteje ou epi mete yon mask se fason nou pwoteje youn lòt".

Michael Dowling, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Northwell Health, te deklare, "Nou te ofri voye enfimyè yo la apre nou te pran nouvel mank pèsònèl nan rejyon an epi wè ka COVID-19 yo k ap ogmante la. Pandan ka COVID yo nan rejyon sid

eta a te ogmante, yo pa pre ditou fado ke sistèm sante yo aktyèlman ap fè fas lòt kote nan New York. Gen yon kolaborasyon natirèl pami òganizasyon swen sante yo. Nan moman kriz sa a, nou gen kapasite pou ede epi n ap kontinye fè sa. Nou sonje lè pandemi an te frape nou pi di epi nou te nan pi move sitiyasyon nou".

Thomas J. Quatroche Jr., PhD, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Sant Medikal Konte Erie, te deklare, "Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Northwell Health dèske yo kowòdone efò sa a pou ede EMC pandan n ap fè fas ak gwo volim pasyan epi kontinye travay sou pwoblèm mank pèsònèl nou an. Se yon egzanp fason nou kapab kolabore pou bay pasyan swen ki sove lavi".

Enfimyè an Chèf Northwell la, Maureen White, RN, te deklare, "Vil New York ak Long Island te depase avèk ka COVID yo an mas 2020. Se te yon eprèv ekip premye liy nan Northwell la - epi tout Nouyòkè yo - p ap bliye sa rapid. Enfimyè nou yo te resevwa yon kout men nan men lòt sistèm sante yo. Nou vle konsyan pou nou peye li davans epi bay asistans kounye a pandan lòt yo ap fè fas ak yon nouvo atak viris la".

Majistra Buffalo Byron Brown te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul ak Northwell dèske yo voye pwofesyonèl medikal pou ede pèsònèl Sant Medikal Konte Erie a, pandan rejyon nou an ap reponn ak dènye ogmantasyon nan ka COVID-19 sa yo. Nan non tout rezidan Vil Buffalo yo, mwen rekonesan pou patenarya ak sipò ki soti nan tout Eta New York."

Inivèsite Rochester ak Intermountain Healthcare nan Utah te voye èd medikal pou Northwell pandan Premye Vag la an 2020. Northwell te fè menm bagay la nan ede Intermountain pandan vag yo epi kounye a gen chans ranbouse Inivèsite Rochester nan moman bezwen li. Northwell te deplwaye tou ekip medikal nan Sistèm Henry Ford nan Michigan pandan pandemi an, ansanm ak Houston ak Pòtoriko apre siklòn te devaste rejyon sa yo.

Enfòmasyon sou Northwell Health

Northwell Health se pi gwo founisè swen sante ak anplwayè prive nan Eta New York, avèk 22 lopital, 830 enstalasyon pou pasyan ekstèn ak plis pase 16,600 doktè afilye. Nou pran swen plis pase de milyon moun chak ane nan zòn tren New York la ak pi lwen, gras ak sipò filantwopik kominote nou yo. 77,000 anplwaye nou yo - 18,900 enfimyè ak 4,900 doktè anplwaye, sa gen ladan manm Northwell Health Physician Partners - ap travay pou chanje swen sante a pou meyè. N ap fè gwo dekouvèt nan medsin nan Feinstein Institutes for Medical Research. N ap fòme pwochen jenerasyon pwofesyonèl medikal nan Donald and Barbara Zucker School of Medicine vizyonè nan Hofstra/Northwell ak Hofstra Northwell School of Nursing and Physician Assistant Studies. Pou plis enfòmasyon sou plis pase 100 espesyalite medikal yo, vizite <http://northwell.edu/> epi swiv nou @NorthwellHealth sou [Facebook](#), [Twitter](#), [Instagram](#) ak [LinkedIn](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418